

## DEPATMAN SEKIRITE TERITORYAL ETAZINI

Biwo Afè Piblik

### DHS Pibliye Premye Plan Daksyon Sou Ekite

*Depatman Soulinye Etap yo pou Avanse Ekite nan Politik, Pwogram, ak Operasyon Li Yoi Yo*

WASHINGTON – Jodiya, Depatman Sekirite Teritoryal la (DHS) te anonse piblikasyon premye-premye [Plan Daksyon Sou Ekite DHS](#), ki idantifye sèt pwen fokal pou avanse ekite nan yon manyè konpreyansib atravè politik, pwogram ak operasyon Depatman an yo. Plan sa a li gen ladan l yon angajman pou asire ke biwo dwa sivil depatman an yo gen resous ke yo bezwen pou yo egzekite misyon kritik yo.

“Depatman Sekirite Teritoryal la entèaji avèk piblik la sou yon baz kotidyen plis pase okenn lòt ajans federal. Depi janvye 2021, DHS te pran plizyè etap enpòtan pou asire ke nou ap sèvi piblik la ak chak kominite atravè peyi a nan yon manyè ekitab,” **Minis Alejandro N. Mayorkas te deklare.** “Plan Daksyon Sou Ekite DHS la li bati sou pwogrè Depatman nou an pou entegre yon ekite ki miyò nan tout seri aktivite DHS la yo epi li ranfòse angajman nou pou nou kontinye travay kritik sa a.”

Zòn konsantrasyon Plan Daksyon sou Ekite DHS la gen pi gwo potansyèl pou avanse ekite atravè aktivite Depatman an. Zòn konsantrasyon sa yo, ke chwa yo te fèt dapre fidbak ke pati enterese ekstèn yo ki reprezante kominote defavorize yo te prezante, gen ladan yo:

1. **Aplike pou natiralizasyon:** DHS pral antame yon revizyon konpreyansiv sou politik, règleman, fòmilè ak operasyon yo pou idantifye baryè ki ta ka bloke aksè a natiralizasyon pami kominote defavorize yo epi soumèt rekòmmandasyon sou fasyon pou retire baryè sa yon nan yon manyè ki apwopriye epi ki legal.
2. **Evalye pwoteksyon imanité pandan pwosesis imigrasyon yo:** DHS pral amelyore aksè nan pwoteksyon imanité pandan pwosesis imigrasyon yo lè li konsidere two vid ki genyen nan aksè nan lang ak pou andikap epi amelyore aksè nan enfòmasyon ak resous yo ki enpòtan.
3. **Antre nan konkou pou kontra DHS yo:** DHS pral etann angajman l avèk ti biznis ke manm kominote defavorize yo opere oswa ap sipòte pou asire l ke gen yon aksè nan opòtinite pou jwenn kontra DHS yo ki pi ekitab.
4. **Kontrekare tout fòm teworizm ak violans oryante yo:** Kominote ki varye yo afekte pa ekstremizm vyolan domestik ak violans oryante nan yon manyè dispwopòsyone. DHS pral etann efò li yo davantaj pou li ofri kominote defavorize yo zouti ak resous ke yo bezwen pou yo anpeche moun yo radicalize nan vyolans epi ogmante kapasite lokal yo pou yo goumen avèk tout kalite teworizm ak vyolans oryante.
5. **Depoze doleyans epi chache reparasyon nan pwogram ak aktivite DHS Yo:** DHS pral ranfòse kominikasyon li avèk piblik la konsènan dwa pou soumèt doleyans epi chache

reparasyon san vanjans konsènan pwogram DHS yo epi kòman pou pwosesis sa yo fonksyone.

6. **Depistaj nan ayewopò:** DHS pral ranfòse epi nòmalize antrènman anplwaye yo epi amelyore kapasite teknoloji-depistaj yo pou pouswiv ekite pou manm nan kominote defavorize yo.
7. **Aksè Nan Pwogram Pou Vwayajè ki Fyab:** DHS pral [etann opsyon pou idantifikasyon-  
iandr](#) pou kèk pwogram pou vwayajè ki fyab, ki gen ladan Pre-verifikasyon TSA®, ak aksè ranfòse nan pwogram sa yo pou moun ki gen konpetans limite nan anglè.

DHS pibliye Plan Daksyon pou Ekite li a dapre [Dekrè Egzekitif 13985](#), *Ankouraje Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote Defavorize yo Atravè Gouvènman Federal la*. Dekrè Egzekitif la mande ajans federal yo pou yo revize pwogram ak politik yo epi evalye si manm kominote defavorize yo fè fa sak baryè sistemik nan aksè nan benefis ak opònite.

Li Plan Daksyon sou Ekite DHS lan [la a](#).